

Kisa ki gide Aksè Lang nan Etazini?

- Tit VI nan Lwa sou Dwa Sivil, 1964;
- Lwa sou Ameriken ki gen Andikap (ADA, 1990)
- Lwa sou Swen Abòdab ak Seksyon 1557 (ACA, 2010); 45 CFR 92.101

Kisa k ap ankouraje Aksè Lang nan Etazini?

- Plis pase **830** lang yo pale nan Etazini
- Plis pase **67 milyon** moun itilize yon lòt lang pase anglè lakay yo nan Etazini
- Plis pase **26 milyon** moun konsidere kòm moun ki gen konpetans limite nan anglè
- Plis pase **1 milyon** moun soud nan Etazini; gen plis pase **9 milyon** lòt moun yo konsidere kòm moun ki gen pwoblèm pou tande

Kiyès ki sijè a lwa sou aksè langaj ak kominikasyon efikas Ozetazini?

Si ou resevwa finansman federal oswa ou sijè a Lwa ADA, ou dwe bay aksè langaj san okenn frè epi asire kominikasyon efikas pou moun soud, moun ki gen tande difisil ak moun ki gen konpetans limite nan lang angle (LEP).

Ki sa yo ye lang ki pi pale yo nan Etazini?

Panyòl, Arab, Chinwa, Bengali, Vyetnamiyen, Koreyen, Hmong, Ikranyen, Dari, Farsi, Pashto ak Polonè.

Dwa Legal

Moun ki soud oswa ki gen pwoblèm tande, epi moun ki gen kapasite limite oswa ki pa pale lang angle ditou, gen dwa pou yo kominike avèk ou nan yon lang yo konprann. Dwa sa a baze sou Tit VI nan Lwa sou Dwa Sivil 1964, Seksyon 1557 nan Lwa Pwoteksyon ak Swen Sante Abòdab, Lwa sou Ameriken ki gen Andikap, ansanm ak lòt lwa eta ak federal ki gen rapò.

Responsablite Legal

Se yon egzijans legal pou nenpòt antite ki resevwa finansman federal pou nenpòt nan pwogram yo pou yo bay aksè langaj ki gen sans epi kominikasyon efikas atravè sèvis entèpretasyon ak tradiksyon pou moun ki gen konpetans limite nan lang anglè (LEP), moun soud, ak moun ki gen pwoblèm tande nan yon lang yo konprann san yo pa peye anyen. Se obligasyon legal ou pou bay aksè sa a dapre Tit VI nan Lwa sou Dwa Sivil 1964 la, Seksyon 1557 nan Lwa sou Pwoteksyon Pasyan ak Swen Sante Abòdab la, Lwa sou Ameriken ki gen Andikap, ak lòt lwa eta ak federal ki aplikab

Kijan pou Satisfè Responsablite Legal sa a

Antite ki resevwa finansman federal yo gen yon obligasyon legal pou asire ke gen yon entèprèt ki kalifye lè sèvis yo mande pa moun ki gen Konpetans Limite nan Lang Anglè (LEP), Soud ak Moun ki gen Pwoblèm Tande, pou yo ka kominike nan yon lang yo konprann, san okenn frè pou yo. Obligasyon legal ou yo dapre lwa aksè nan lang ki aplikab yo gen ladan tradiksyon nenpòt enfòmasyon ekri ak kominikasyon nan lang popilasyon sa yo konprann, sa gen ladann men li pa limite a lèt pou paran yo, avi, ak kontni sou sitwèb. Tradiksyon sa yo dwe fèt davans

Sèvis yo dwe òganize, pwograme ak bay ak asistans yon entèprèt, kit an pèsòn sou plas oswa adistans atravè videyo, telefòn oswa yon lòt teknoloji.

Pou aprann plis sou dwa pou jwenn sèvis nan lang ou ak egzijans legal yo, ale isit la:

